



Pou Piblikasyon Imedya: 16/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 2 MILYA DOLA ANPLIS NAN EFIKASITE ENÈJI NAN SÈVIS PIBLIK AK NAN INISYATIV ELEKTRIFIKASYON BATIMAN POU KONBAT CHANJMAN KLIMATIK

*Nouvo Objektif yo Pral Redui 3 Milyon Tòn Metrik nan Polisyon Kabòn — sa ki Ekivalan ak Retire 600,000 Machin ki Fonksyone ak Gaz sou Wout New York yo*

*Konsomatè yo Pral Ekonomize Plis pase 13 Milya Dola sou Bòdwo Sèvis Piblik yo Pandan Dire Nouvo Pwogram 2 Milya Dola a*

*Kounye a, Eta New York ap Envesti 6.8 Milya Dola nan Mezi Efikasite Tèmik e Enèjetik Pwòp*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 2 milya dola anplis nan efikasite enèji ak nan inisyativ elektrifikasyon batiman pou konbat chanjman klimatik. Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la (New York State Public Service Commission) apwouve yon seri objektif anbisye nan efikasite enèji ak ponp tèmik elektrik pou redwi dramatikman konsomasyon enèji nan New York. Nouvo objektif pou sèvis piblik ke envestisè posede yo pral pote prèske 2 milya dola nan investisman kap pèmèt mache a transfòme fason rezidan New York yo ak biznis yo chofe ak refwadi kay yo ak biwo yo epi ale nan direksyon batiman ak kominote ki pi pwòp ak pi an sante nan tout eta a. Ansanm ak Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSEERDA), Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA), Otorite Enèji Long Island lan (Long Island Power Authority, LIPA) ak yon òdonans PSC anvan sou efikasite, Eta New York ap envesti kounye a plis pase 6.8 milya dola nan efikasite enèji ak nan investisman tèmik pwòp soti 2020 jiska 2025. Investisman istorik sa a sipòte estrateji Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) New York la ak manda k'ap trase chemen an pou nasyon an pou redwi degajman gaz a efè sèr toupatou nan eta a 85 pousan dis 2050 epi rive netralite kabòn sou echèl ekonomi an.

"Chanjman klima a se yon menas reyèl epi k'ap grandi nan anviwònman ak ekonomi New York la ak nan sante pèp nou an, e nou deja ap fè eksperyans ak enpak negatif yo nan fòm ogmantasyon ijans ki gen rapò ak kondisyon meteyowolojik yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Investisman istorik sa a montre ke nou ap pouswiv aktivman altènativ enèji pwòp pou redwi depandans nou sou konbistib fosil yo, kreye travay nan endistri enèji pwòp ak pwoteje anviwònman nou an pou jenerasyon aktyèl la ak pou pwochen jenerasyon yo."

Avèk angajman siplemantè sa a, Eta New York ap investi kounye a plis pase 6.8 milya dola jiska 2025 pou deplwaye teknoloji efikasite enèjetik ak tèmik pwòp nan batiman yo pou redwi degajman ak konbat chanjman klimatik. Anba Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund) NYSERDA a, gen 1.2 milya dola ki pral konsakre nan mezi efikasite enèji ak ponp tèmik yo. Anplis de sa, dis 2025, NYPA pral depanse 1.5 milya dola nan inisyativ efikasite enèji pou kliyan ajans eta ak minisipal yo nan tout eta a. Nan Long Island, LIPA pral konsakre 500 milyon dola pou kliyan rezidansyèl ak pou biznis li yo. Lòd Komisyon sa a pral mande prèske 2 milya dola adisyonèl nan efikasite enèji nan sèvis piblik yo ak nan aksyon elektrifikasyon yo: 893 milyon dola pou efikasite enèji elektrik; 553 milyon dola pou efikasite enèji gaz; ak 454 milyon dola pou ponp tèmik jiska 2025. Anplis de sa, Komisyon an re-otorize finansman pou sipòte aktivite efikasite enèji sèvis piblik nan nivo ki egziste deja yo jiska 2025 k'ap totalize 1.3 milya dola, ki vle di ke desizyon jodi a pral bay yon nouvo total ki plis pase 3 milya dola nan investisman nan sèvis piblik ke investisè yo posede pou efikasite enèji ak elektrifikasyon batiman jiska 2025, sa k'ap ede Nouyòkè yo toupatou nan eta a pou pwomote batiman ki pi pwòp ak kominote ki pi an sante yo.

Yo prevwa ke òdonans lan ap ranfòse kantite anplwa nan efikasite enèji atravè eta a antanke pi gwo segman nan ekonomi enèji pwòp New York la. An 2018, yo te anplwaye plis pase 123,000 Nouyòkè nan sektè efikasite enèji a. Avèk nouvo investisman sa a, yo prevwa kwasans nan nivo anplwa ak opòtinite ekonomik nan efikasite enèji pral akselere plis nan senk pwochen ane yo, sa k'ap fè Eta New York yon lidè mache a nan teknoloji batiman dirab.

Nouvo pwogram efikasite enèji ak elektrifikasyon ke yo otorize jodi a pral kontribiye tou nan satisfè objektif enèji pwòp New York yo yon fason konsiderab. Objektif jodi a yo, konbine avèk lòt inisyativ Eta a, pral lakòz yon rediksyon twa pousan nan itilizasyon elektrik anyèl ak yon rediksyon 1.3 pousan nan itilizasyon gaz anyèl dis 2025. Investisman sèvis piblik sa a se yon poto mitan nan estrateji efikasite enèji New York epi sa pral lakòz pwogrè konsiderab nan direksyon objektif ekonomi enèji New York la.

Amelyorasyon efikasite enèji ak sistèm chofaj inovatif tankou ponp tèmik redwi itilizasyon enèji ak ekonomize lajan konsomatè sou total bòdwo enèji yo. Lè yo te entegre li nan sistèm enèji New York ak enfrastrikti, efikasite enèji bay avantaj alontèm nan diminye chaj de baz ak anpil demann epi diminye bezwen pou pwodiksyon enèji anplis - enkli konbistib fosil yo -- ak liy transmisyon yo, sa k'ap bese pri jeneral sistèm lan nan benefis kliyan yo.

Pou amelyore aksè, echèl ak sèvis pou moun New York ki pi vilnerab yo, yo pral dedye 289 milyon dola nan finansman adisyonèl pou pwogram efikasite enèji pou Revni Fèb-Modere yo. Anplis de ogmantasyon sa a, Komisyon an mande tou pou NYSERDA angaje yon lòt 30 milyon dola pou inisyativ ponp tèmik ki gen rapò ak LMI yo. Finansman siplemantè sa a ogmante efò efikasite enèji LMI aktyèl la ak prèske 250 milyon dola anyèl ke yo bay nan kredi bòdwo sèvis piblik nan Pwogram Abòdab nan tout eta a ki vize pou limite chaj enèji a pou li pa rive depase plis pase sis pousan revni yon kay.

Finansman ak investisman dedye sa a bay Nouyòkè ki pi vilnerab yo pa sèlman aksè

ak teknoloji pwòp an efikasite enèji ak chofaj kay, men nouvo opòtinite pou patisipe nan tranzisyon enèji pwòp ak jere bòdwo enèji yo.

Anplis de sa, yo mande sèvis piblik elektrik New York la ak NYSERDA pou devlope konjwentman yon kad pwogram ponp tèmik nan tout eta a ke sèvis piblik yo ap administre nan teritwa sèvis yo epi konbine avèk LIPA fikse yon objektif minimòm de 4.6 TBtu pou ekonomi ki soti nan enstalasyon ponp tèmik nan tout eta a.

Desizyon Komisyon an demontre nesosite pou yon apwòch konplè nan mezire efikasite enèji ak elektrifikasyon batiman atravè efò kolaborasyon envestisè ki posede sèvis piblik yo, NYSERDA, NYPA ak LIPA.

### **NYSERDA**

NYSERDA pral chèche envesti apeprè 200 milyon dola nan pwogram devlopman mache yo ki pral ogmante pwogram ankourajman sèvis piblik yo pou kreye yon kad mache nan Chofaj Pwòp ak Refwadisman nan tout eta a ki pral poze fondasyon kote New York pral fòme estrateji elektifikasyon batiman li yo ak Batiman Kabòn Zewo a lavni. Envestisman NYSERDA nan efikasite enèji ak ponp tèmik disi 2025 pral yon total 1.2 milya dola.

Sipò devlope mache NYSERDA pral bati sou pwogram chofaj pwòp ak refwadisman ki egziste deja nan New York epi li pral enkli nouvo inisyativ li prevwa lanse ane sa a pou amelyore konsyantizasyon konsomatè, ogmante kantite travayè kalifye ak biznis nan endistri chofaj pwòp ak refwadisman an, bay rezidan yo ak biznis yo asistans teknik epi bay solisyon chofaj pwòp ak refwadisman ki pral nan benefis konsomatè ki gen Revni Fèb-ak Modere yo.

### **NYPA**

Pwogram efikasite enèji Otorite Enèji New York la kontinye grandi pou sipòte objektif enèji Eta New York yo. NYPA gen plan pou finanse ak aplike plis pase 1.5 milya dola nan mezi efikasite enèji toupatou nan Eta New York jiska 2025 nan etablisman gouvènman eta a, lokal ak minisipal, sa k'ap kontinye devlope pwogram li a 300 milyon dola anyèlman. Mezi efikasite enèji yo enkli ponp tèmik, nouvo ranplasman chodyè a wot efikasite, kontwòl ajou, amelyorasyon HVAC ki pral redwi konsomasyon gaz natirèl epi ki gen rapò ak solisyon enèji pwòp.

Anplis de sa, NYPA ap bay evalyasyon depistaj ponp tèmik gratis pou kliyan NYPA yo ak antreprann pwojè demonstrasyon pou solisyon ponp tèmik elektrik ak kliyan li yo:

NYPA ap dirije tou atravè egzanp an kolaborasyon ak SUNY pou atenn batiman ki pi efikas yo epi reyalize objektif rediksyon degajman gaz a efè sèr SUNY yo, epi travay men nan men ansanm ak Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority) pou amelyore ansyen sistèm chofaj yo atravè sèvis ak finansman ki pare pou itilizasyon.

### **LIPA**

Pandan senk pwochen ane yo, LIPA ap envesti plis pase 500 milyon dola nan efikasite enèji ak inisyativ elektrifikasyon benefik pou 1.1 milyon kliyan li yo.

**Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la (Public Service Commission), John B. Rhodes te deklare,** "Efikasite enèji se yon resous enkontounab - resous ou pa itilize a se li nòmalman ki pi bon mache - epi nou bezwen pouswiv aktivman solisyon sa a. Angajman Gouvènè Cuomo pou pwoteje ak amelyore anviwònman nou an konstan. Aksyon jodi a pou avanse efikasite enèji ak enstalasyon ponp tèmik pral diminye depans, redwi enèji ak redwi kabòn".

**Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare,** "Angajman jodi a pou redwi dramatikman konsomasyon enèji ak ogmante inisyativ efikasite enèji a yon vitès san parèy se prèv anplis nan lidèchip klima inegale Gouvènè Cuomo a ak ranfòse angajman li nan fè solisyon enèji pwòp abòdab disponib pou plis Nouyòkè jan sa posib. Inisyativ NYSERDA yo ke yo anonse jodi a pral ede akselere dramatikman pwogrè nou nan ogmante nouvo altènatif ak altènatif ki pi pwòp pou rezidan yo ak biznis yo pou chofe ak refwadi kay yo ak enstalasyon yo, epi yo pral ede asire aksesibilite enèji pou kliyan ki gen Revni Fèb-ak Modere yo ki vle solisyon ki an sante, ak solisyon efikas pou kay yo".

**Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare,** "NYPA ap investi dè santèn milyon dola anyèlman pou sipòte tranzisyon kliyan gouvènman nou yo nan direksyon teknoloji pi pwòp ak enèji ki pi efikas. Ogmante efikasite enèji nan tout Eta New York la enpòtan pou reyalize yon ekonomi enèji pwòp epi bese anprent kabòn eta a".

**Direktè Egzekitif Jeneral LIPA a Tom Falcone te deklare,** "Angajman Gouvènè Cuomo pou efikasite enèji alafwa bon pou anviwònman an ak pou ekonomi kliyan nou yo. LIPA investi plis pase 1.4 milya dola nan efikasite enèji ak nan enèji pwòp e li pran angajman pou yon lòt 500 milyon dola pandan senk pwochen ane yo pou ede kliyan nou yo ekonomize lajan ak anviwònman an".

### **Nouvo Akò Ekolojik Eta New York la**

Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Andrew M. Cuomo a se pwogram kont chanjman klimatik ki pi anbisye nan nasyon epi li mete Eta a sou yon wout pou l konplètman net sou plan degajman kabòn nan tout sektè ekonomi an, sa gen ladan pwodiksyon enèji, transpò, bilding, endistri ak agrikilti. Pwogram Gouvènè a tabli tou yon objektif pou atenn yon sektè pwodiksyon elektrisite ki gen zewo degajman kabòn apati 2040, pi rapid pase tout lòt eta nan nasyon an. Lwa Lidèchip nan Zafè Klima ak Pwoteksyon Kominote (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) 2019 la egzije plizyè nan objektif enèji pwòp anbisye ki nan Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè a: enstale sis jigawat enèji solè ki distribye apati 2025, twa jigawat estokaj apati 2030 ak omwens nèf jigawat enèji ewolyèn sou zòn kot yo apati 2035. CLCPA a mande tou pou fè yon tranzisyon ki òdone epi ki ekitab pou ale nan enèji pwòp yo, sa ki ap kreye travay pandan ke li ap favorize yon ekonomi ekolojik. Li ap ajoute sou ogmantasyon enèji pwòp san presedan New York yo ki gen ladan investisman 2.9 milya dola nan 46 pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo atravè Eta a, kreyasyon plis pase 150,000 pòs travay nan sektè enèji pwòp New York la, ak 1,700% kwasans nan sektè enèji solè ki distribye a depi 2012. CLCPA pase enstwiksyon tou pou ajans ak otorite Eta New York yo travay an kolaborasyon ak pati ki konsène yo pou devlope yon plan pou redwi degajman gaz k'ap chofe latè yo a 85% soti nan nivo ane 1990 yo apati 2050, epi travay pou atenn yon objektif pou

kominone defavorize yo resevwa 40% benefis jeneral nan depans pwogram ou investisman an matyè enèji pwòp ak efikasite enèjetik.

### **Refòm Vizion Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV)**

CLCPA ap ajoute sou estrateji Refòm Vizion Enèji monimantal Gouvènè a genyen pou mennen nan chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York la. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan epi pi abòdab pou tout moun New York yo nan favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou enèji solè, ewolyèn ak efikaste enèjetik. Deja, REV pote prèske 1,700 pousan kwasans nan mache enèji solè a nan tout eta a, li te mobilize prèske 3.4 milya dola nan investisman prive yo, li te fè enèji vin pi bon mache pou 1.65 milyon kliyan ki gen revni fèb, epi li te mennen plis pase 150,000 pòs travay nan fabrikasyon, enjenyeri, ak lòt sektè teknoloji pwòp nan Eta New York.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou REV, vizite [rev.ny.gov](http://rev.ny.gov), swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), ak [LinkedIn](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)